

## Istwa Lanèj: Bèl Mèvèy nan Sezon Ivè Tèks Ekspozitwa



**Kesyon Esansyèl: Ki chema ou kapab idantifye nan kristal nèj sa a?**

Nan sezon ivè tanperati a frèt. Lè tanperati a frèt, yon sèl gout nan yon nyaj kapab tounen yon **Kristal nèj**. Pandan kristal la ap travèse nyaj la pou l tonbe, li chanje menm lè tanperati a ap chanje. Kristal nèj yo kapab gen fòm zetwal, plak egzagòn, oswa kolòn. Zetwal se yon fòm Kristal nèj ki komen. Anpil fwa yo genyen sis branch ki sòti direktman nan mitan, nan pwen santral la. Pwen santral sa a se kòmansman kristal la. Sis branch yo sanble, men yo pa egzakteman menm. Yon branch nan nèj la kapab kase lè l ap tonbe sou tè a. Tout kristal yo gen menm modèl, men tout kristal pa menm.

**5yèm Ane**

**Kisa yon nyaj ye?**

Yon nyaj se yon mas gout dlo **vizib** ki fòme ak divès kalite pwodwi chimik ki chita nan atmosfè a anwo sifas yon kò planetè.

Se dlo ak lè a ki fòme nyaj yo, men se konsa tou genyen lòt bagay tankou sann, sèl ak pousyè ki kontribye nan fòmasyon yo.

**Kalite nyaj:**

Nyaj Rebondi

Nyaj Mens

Nyaj Lapli

Nyaj Vapè

Non: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**1. Ki enfòmasyon nan istwa a ki pwouve tèks sa a se yon tèks ekspozitwa?**

---

---

---

---

**2. Daprè istwa nan ki sezon nou kapab wè Kristal nèj?**

---

---

---

**2. Konbyen kalite nyaj ou aprann nan istwa Lanèj la? Site non yo.**

---

---

---

---

**3. Kesyon Esansyèl: Ki chema ou kapab idantifye nan foto Kristal nèj la nan kòmansman istwa?**

---

---

---

---

---